ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№174 (23.082) • 2015 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 9, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru







## ФокIадэм и 7-м Черкесск щызэIущIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я Iэтащхьэхэр

Абыхэм я гулъытэ нэхъыщхьэр хуэгъэзауэ щытащ щIыналъэхэр зэдэлэжьэным, яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъуным, шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщыным ехьэлIа Iуэхухэм.

Республикищым я унафэщIхэм жаIащ я зэхуэдэ щэнхабзэр хъумэным, абы зегъэужьыным, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ядэIэпыкъуным зэрителъхьэр. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ Адыгэхэм я махуэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм 2015 гъэм фокIадэм и 19-м Налшык къыщызэIуихыну конгрессымрэ зэрызыхуагъэхьэзырым теухуа Iуэхухэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

# КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий хэтащ Къэрэшей-Шэрджэсым и махуэмрэ Черкесск къалэр илъэси 190-рэ зэрырикъумрэ теухуа гуфIэгъуэхэм

**<u>КъШР-м и къалащхьэм щыщыIам КIуэкIуэ Юрий IущIащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министр Кузнецов Лев, КИФЩI-м и щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм я делегацэм хэту «Derways» автомобиль компанием кIуащ, ТекIуэныгъэм и паркым «Мыужьых ЩIыхьым и мафIэ» мемориалым удз гъэгъахэр бгъэдилъхьащ.</u>**

ЖУРНАЛИСТХЭМ я упщIэхэм жэуап щаритым КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэбелджылыкIащ Къэрэшей-Шэрджэсым социально-экономикэ зыужьыныгъэм ехъулIэныгъэ инхэр къызэрыщихьар. Республикэм политикэ зэпIэзэрытыныгъэ щыщыIэщ. КъШР-р IэнатIэ куэдым щIыналъэ пэрытхэм щахэтщ. Республикэмрэ Черкесскрэ къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэ инхэр куэдкIэ я Iэужьщ лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэм.

Къэрэшей-Шэрджэсыр мамыру икIи зэгурыIуэу мэпсэу, Урысейм и лъэпкъ псоми яхуиIэ зэкъуэш зэпыщIэныгъэхэр игъэбыдэну хущIокъу. Абы и щыхьэт белджылыщ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ лIэщIыгъуэ куэд хъуауэ къадекIуэкI зэныбжьэгъугъэр икIи зэманым игъэунэхуар.



Къэрэшей-Шэрджэсыр фIыуэ яхущытщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэ псоми, Урысейм и адрей щIыпIэ куэдым. А псори республикэм и къэкIуэнур фIыуэ зэрыщытынум и шэсыпIэщ, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

КIуэкIуэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм, республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цIэкIэ КъШР-м щыпсэухэм я гуфIэгъуэмкIэ ехъуэхъуащ, мамырыгъэ, насып, фIыгъуэ яIэну зэригуапэр жиIащ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

# Iуащхьэмахуэ лъапэ яшащ Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ кIапсэ гъуэгум ирахьэлIэну Iэмэпсымэхэр

**<u>«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м Iуащхьэмахуэ лъапэ нигъэсащ метр 3847-рэ зи лъэгагъыну «Мир станц» - «Гара-Баши станц» кIапсэ гъуэгум и ещанэ Iыхьэр яухуэным ирахьэлIэну Iэпэмсымэхэр. Гондолэ теплъэ зиIэ кабинэхэу цIыхуи 8 зэрыхуэхэмрэ дыгъэм игъэлажьэ батарейхэри хэту, абыхэм ирагъэувэнухэмрэ курортым и щIыналъэм яшащ фокIадэм и 4-м.</u>**

«МЫ ЗЭМАНЫМ ухуэныгъэ-монтаж лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр зэфIагъэкIащ. Франджы IэщIагъэлIхэм я технологие кIэлъыплъыныгъэм щIэту яукъуэдиящ гондолэхэр зыкIэращIэну троссхэр. ФокIадэм кIапсэ гъуэгум кабинэхэр щагъэувынущ. Абы иужькIэ кIэух лэжьыгъэхэм щIэддзэнущ», - жиIащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м и унафэщIым зыужьыныгъэмкIэ и къуэдзэ Вильк Святослав. Абы апхуэдэу къыхигъэщхьэхукIащ дыгъэм игъэлажьэ батареехэр къызэрагъэсэбэпынур - дыгъэм къыбгъэдэкI гуащIэм электрокъарукIэ кIапсэ гъуэгум и ипщэ станцыр къызэригъэпэщынущ. «Iуащхьэмахуэ лъапэ и кIапсэ гъуэгур Европэм щынэхъ лъагэ дыдэу икIи экологием зэран хуэмыхъу Iэмэпсымэхэм я фIыгъэкIэ нэхъ «щхъуантIэхэм» ящыщ зыуэ щытынущ», -щIигъужащ ОАО-м и лэжьакIуэм.

«Мир станцым» къыщыщIэдзауэ «Гара-Баши станцым» нэсыху кIапсэ гъуэгум и ещанэ Iыхьэр «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» компанием еухуэ турист-рекреацэ лIэужьыгъуэм хиубыдэу Iуащхьэмахуэ лъапэ и экономикэ щIыпIэ щхьэхуэм зригъэужьын мурадкIэ. Ар хъагъэхьащ турист кластерым и проектым. Iуащхьэмахуэ щащI кIапсэ гъуэгур Урысейми Европэми я къуршхэм щаухуэ апхуэдэхэм я нэхъ лъагэ дыдэу щытынущ. НобэкIэ Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ кIапсэ гъуэгур зыхуэзэр Монблан и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щы-Iэ Эгюий-дю-Миди и щыгум дэкI Iэмэпсымэрщ икIи ар Шамони франджы курортым хеубыдэ.

«Франджы кIапсэ гъуэгум уздишэр фрирайдым и щIыпIэ къуейщIей дыдэм и закъуэщ, Iуащхьэмахуэ щаукъуэдий кIапсэ гъуэгущIэр хуэлэжьэнущ «Гара-Баши-Мир» трассэм икIи ар лыжэкIэ къэзыжыхь псоми къагъэсэбэпын хуэдэу шынагъуэншэ ящIащ, - къыхигъэщащ Вильк Святослав.

КIапсэ гъуэгур къызэIуахынущ 2015/2016 гъэхэм я бгы-лыжэ сезоным и пэщIэдзэм. Абы и ищIагъ станцым метр 3455-рэ и лъэгагъынущ. КIапсэ гъуэгум метр 1675-рэ и кIыхьагъщ, пкъо 12 щIагъэкъуащ. Лажьэу яутIыпща иужь абы зы сыхьэтым ишэфынущ цIыху 750-рэ, зэман дэкIмэ, а бжыгъэр цIыху 1500-м нагъэсынущ.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м кIапсэ гъуэгум и ещанэ Iыхьэр яухуэным, абы къегъэщIылIа щIыпIэхэр зыхуей хуэгъэзэным 2015 гъэм псори зэхэту сом мелардым щIигъу тригъэкIуэдэнущ.

*«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м и пресс-IуэхущIапIэ.*



**• Налшык**

# ПсыкIэ къызэрагъэпэщ

**<u>Дунейр егъэлеяуэ зэрыхуабэм къыхэкIыу, «Водоканал» МУП УК-м и псы хъумапIэхэм щызэдгъэпэщ псыр нэхъ мащIэ мэхъу. Мыбдежми къыхэзгъэщыну сыхуейщ унэ зэтетхэм щыпсэухэм илъэс зыбжанэ хъуауэ апхуэдэ тхьэусыхафэ къазэрыбгъэдэмыкIыжыр. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар технико-технологие Iэмалыщ Iэхэр нэхъыбэу къэдгъэсэбэпын зэрыщIэддзарщ.</u>**

МЫ ГЪЭМ нэхъ мыарэзыныгъэ зыхудиIар Кэнжэ жылагъуэм псыр ирикъуу зэредмытыфарщ. ЗэрыфщIэщи, унагъуэхэми IуэхущIапIэхэми я деж ар щыпэрыхьэтщ, хадэм щIэзыгъэлъадэхэми, нэгъуэщI IуэхукIэ къэзыгъэсэбэпхэми къайлыжу яхурокъу.

«Водоканал»-м и IэщIагъэлI гуп жылагъуэхэм хыхьэри цIыхухэм япсэлъылIащ, уеблэмэ, елъэIуахэщ, псы яхурикъунур езыхэм зэрагъэпэща нэужь, я псы къижыпIэхэр ягъэбыдэу, къуажэкIэм щыпсэухэм хуаутIыпщыну. АбыкIэ дыкъэзыгъэгугъахэри, дызэхэзымыхахэри къахэкIащ.

Апхуэдэ щытыкIэм мы зэманым уащрихьэлIэнущ Хьэсэней, Белэ Речкэ, Вольнэ Аул жылагъуэхэми. Гъэмахуэ мазэхэр иухащ. Псыр пэрыхьэт хъужащ жыфIэу фи псы къижыпIэхэр утIыпщауэ къэвмыгъэнэну дыныволъэIу. Дэ, «Водоканал»-м, гугъуехькIэ ахъшэ етту щIым къыщIэтш псыр щIым щIэвмыгъэлъэдэж. Ди дэIэпыкъуэгъу зыгуэр хуэныкъуэмэ, фыкъэпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: 42-22-16, 42-55-40.

**БЕКЪАЛДЫ Анатолэ.**

# Губгъуэ жыхапхъэр мэгъагъэ

**<u>Аллергие узыфэр къызыхэкI губгъуэ жыхапхъэр (амброзие) къичыным теухуауэ Налшык къалэ администрацэм и унафэкIэ иужьрей тхьэмахуитIым лэжьыгъэхэр екIуэкIащ.</u>**

МЫ IУЭХУМ жыджэру хэтащ предприятэхэм, организацэ щхьэхуэхэм, курыт еджапIэхэм, мэкъумэш IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр. Куэд зэрыщыгъуазэщи, цIыхум и узыншагъэмкIэ зэранышхуэ зиIэ мы къэкIыгъэ ежьужьыр иджыпсту и гуащIэгъуэу мэгъагъэ. Абы щхьэкIи къэмынэу, губгъуэ жыхапхъэм ебэныныр зэпагъэунукъым, щIым хипхъэж жылэхэр ягъэмэщIэн папщIэ.

Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр ди щыхьэрым и мызакъуэу щокIуэкI абы къегъэщIылIа Хьэсэней, Вольнэ Аул, Кэнжэ, Белэ Речкэ, Iэдииху жылагъуэхэми.

Iуэхур тэмэму къехьэлIэным ТСЖ-хэм, жылагъуэ администрацэхэм, IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр кIэлъоплъ. КIэлъыплъ къудей мыхъуу, а удзыр къызэрипчыну, а къипчар зэрыбгъэкIуэдыну Iэмалхэм цIыхур щагъэгъуазэ, чэнджэщ щхьэпэхэри ират.

Губгъуэ жыхапхъэм псом хуэмыдэу ущрохьэлIэ фэтэр куэд хъу унэ зэтетхэм я бжэIупэхэм, лэжьапIэ IэнатIэхэм я Iэгъуэблагъэхэм, псы Iуфэхэм, къалэ паркым и щIыпIэ нэхъ пхыдзахэм.

**ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.**



**• Гъэлъэгъуэныгъэхэр**

# Мэзкуу дыщэ медаль къыщехь

**<u>ШыщхьэуIум и 26 - 28-хэм ВДНХ-м и павильоным щекIуэкIащ удз гъэгъахэр, къэкIыгъэхэр, декоративнэ хадэхэм, удз дахэ бизнесым папщIэ Iэмэпсымэхэмрэ материалхэмрэ щагъэлъэгъуа «Удз гъэгъахэр-2015» XXII дунейпсо выставкэр. Илъэс тIощIым щIигъуауэ абы IэщIагъэлIхэр щызэхуос, я IэдакъэщIэкIхэр щыпхагъэкI, продукцэ лIэужьыгъуэщIэхэр щагъэнаIуэ, щызочэнджэщ, зэгурыIуэныгъэхэр щызэращIылIэ.</u>**

МЫ ГЪЭМ къэрал 20-м щыщ компание 250-м щIигъу выставкэм хэтащ. Абыхэм къыздашат коммерцэ мыхьэнэ зиIэ удз гъэгъа лIэужьыгъуэхэр, декоративнэ жыгхэмрэ чыцэхэмрэ, къэкIыгъэ гъуа гъэщIэрэщIахэр, хадэ псэуалъэхэм къыщагъэсэбэп, щIыпIэхэр зэрагъэдахэ хьэпшыпхэр, теплицэ Iэмэпсымэхэр, апхуэдэу гъэIэпхъуэнхэр, жылапхъэхэр, щIыгъэпшэрхэр.

«Къалэ зеленхоз» муниципальнэ мэкъумэш декоративнэ предприятэм и IэдакъэщIэкIхэр иджы япэу игъэлъэгъуати, медалитI къыхуагъэфэщащ: гъэIэпхъуэнхэм я фIагъым - дыщэ, экспозицэм и гъэпсыкIэм жэз медалхэр къапэкIуащ.

- КъэдгъэкIхэм ящыщу нэхъыбэу дгъэлъэгъуар туемрэ псеймрэщ. ТIуми гулъытэ хъарзынэ хуащIащ. Мэзкурэ Санкт-Петербургрэ щыщхэр абыхэм къыщIэупщIащи, я заказхэм дыпоплъэ. Ди мурадыр хамэ къэралхэм къыщагъэкI гъэIэпхъуэнхэм уасэкIи фIагъкIи дефIэкIыныращ,- къигъэлъэгъуащ «Къалэ зеленхоз» МСДП-м и инженер нэхъыщхьэ **Къэзанш Маринэ**.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Налшык и архитектурэ-художественнэ теплъэр мы предприятэм куэд щIауэ егъэдахэ, щхъуантIагъэхэр хэсэным, къалэр зэIузэпэщ щIыным, псоми я зэхуэдэ псэуалъэхэр зехьэным, жыг-чыцэ гъэIэпхъуэн лIэужьыгъуэхэр къэгъэкIыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ зэфIегъэкI.

«ЖКХ-м и IэнатIэм и организацэ нэхъыфI», «Урысейм и хьэпшып нэхъыфIу 100» урысейпсо зэпеуэхэм ар мызэмытIэу щытекIуащ, фIагъымкIэ Америкэм и дыщэ сертификат (2003 гъ.), «SPI-м и дыщэ медаль (2005 гъ.), «ФIагъым и Европэ Гран-при» (2005 гъ.), «Европэм и фIагъ» дыщэ медаль (2006 гъ.), ВАБИП-м «Экономикэ зыужьыныгъэм щыпашэ» и диплом (2007 гъ.) къыхуагъэфэщащ, 2008 гъэм «Илъэсым и компание нэхъыфI» дунейпсо саугъэтым и лауреат хъуащ.

**ЖАНАТАЕВЭ Маринэ.**

**• Май щIыналъэ**

# МардэщIэм тету

**<u>«Красная нива» колхозым и щIакхъуэ гъэжьапIэр къызэIуахыжащ.</u>**

МАЗИПЛIКIЭ къызэтеувыIауэ щыта IэнатIэм хуэныкъуащ хозяйствэм и лэжьакIуэхэри, жылагъуэ щхьэхуэхэри. Иджы хьэкущIэхэр яухуэу зи лэжьыгъэр тэмэму зэтезыублэжа IуэхущIапIэм зы сменэм хуэзэу щIакхъуэрэ булкэ лIэужьыгъуэу къыщIигъэкIыр щэ зыбжанэм нос.

Предприятэм игъэхьэзыр щIакхъуэм фIагъ ин бгъэдэлъщ икIи зэмыкIуэкIыу махуэ бжыгъэкIэ щылъщ. Ар и щыхьэтщ къызыхащIыкIыр гуэдз хэплъыхьауэ зэрыщытым. Ар мы зэманым Новопавловск кърашын хуей мэхъу, Май щIыналъэм мы гъэм зэрыщыхамысам къыхэкIыу.

«Красная нива»-м игъэува хьэкур иджырей мардэхэм тету мэлажьэ - зэ щIакхъуэ гъэжьэгъуэм абы текIуадэр газу кубометри 4 къудейщ. ЩIакхъуэгъэжьапIэр иджырей зыхуейзыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщыным сом 1 мелуаным нэблагъэ текIуэдащ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

**• Дзэлыкъуэ щIыналъэ**

# Жылагъуэ Iуэхур псоми я зэхуэдэщ

**<u>Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ къуажэхэм щекIуэкI зэIущIэхэм къыщызэрагъэпэщыж жылагъуэ гъащIэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIу щытахэу нэхъыжьхэм, цIыхубзхэм, щIалэгъуалэм я советхэр.</u>**

ИЛЪЭС кIуам щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Джатэ Руслан и жэрдэмкIэ къыхалъхьа мы Iуэхум и фIыгъэкIэ зэгухьэныгъэхэр жыджэру хэтщ къыдэкIуэтей щIэблэм гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэным, къуажэхэр сыт щыгъуи къабзэу щыгъэтыным, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным теухуа Iуэхугъуэхэм.

УнафэщIым мы Iуэхум теухуауэ къыхигъэщащ жылагъуэ советхэмрэ властым и органхэмрэ зэкъуэту зэдэлэжьэным цIыхубэм я псэуныгъэр егъэфIэкIуэнымрэ граждан зэхэтыкIэм зегъэужьынымкIэ мыхьэнэ ин зэриIэнур.

«ЦIыху 750-рэ къызэщIэзыубыда мы зэгухьэныгъэхэр дяпэкIэ щытыпхъэщ къуажэдэсхэр зыгъэпIейтей е зэхъуэкIыныгъэ зыгъуэтын хуей дэтхэнэ зы Iуэхуми я жэрдэмщIакIуэу. КъищынэмыщIауэ, жылагъуэм къыщаIэт дэтхэнэ зы Iуэхугъуэми езыхэм я Iуэху еплъыкIэ дыщIагъужыфу щытыпхъэщ», - жиIащ Джатэм.

Советхэр Дзэлыкъуэ щIыналъэм и жылагъуэ 16-м купщIафIэу щылэжьэнущ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

## Дунейм щыхъыбархэр




### Лъэныкъуэхэр зэгурыIуэным и телъхьэу

**<u>«Украинэм и ипщэкъуэкIыпIэ щIыналъэм щытыкIэр зэтес щыхъужмэ, Европэ зэгухьэныгъэм хыхьэ къэралхэр дыхьэзырщ УФ-м хуэдгъэува мардэ ткIийхэр щхьэщытхыжыну», - Париж щригъэкIуэкIа пресс-конференцым апхуэдэу щыжиIащ Франджым и президент Олланд Франсуа.</u>**

Минск зэрыщызэгурыIуауэ щытахэр Донбассым гъэзэщIа щыхъуу хуежьащ. ЛъэныкъуэхэмIэщэ къагъэсэбэпыркъым, цIыхухэр мамыр псэукIэм тохьэж.

«УФ-м нэхъапэм дызэрыдэлажьэу щытам, зэхудиIа зэпыщIэныгъэхэм дытехьэжыным дэри дрителъхьэщ икIи Украинэм теухуауэ зэпэдубыдахэр лъэныкъуэ езыжмэ, сэ сэлъыта псори сщIэнщ санкцэхэр Iухыжыным теухуауэ. Иджыпсту дяку дэлъ зэхущытыкIэхэм зыми ди фейдэ хэлъкъым. НэхъыфIыр лъэныкъуэхэр дызэгурыIуэнырщ», - къыхигъэщащ Олланд.

### Македонскэм и сурэт тету

**<u>Дзэзешэ цIэрыIуэу щыта, къэралыгъуэ лъэщ зыухуа Македонский Александр и сурэт зытет ахъшэ жыгъей Болгарием къыщагъуэтащ.</u>**

Приморскэ къалэм щылажьэ археологхэр икъукIэ щыгуфIыкIащ ди эрэм ипэкIэ II лIэщIыгъуэм и кIэухым - I лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм «къикIа» дыжьын ахъшэ жыгъей 27-м.

Ди эрэм ипэкIэ 72 гъэм къэхъуа мафIэсым щIым щыщ ищIа быдапIэм иджыри къэлъыхъуэныгъэхэр щызэфIэкIакъыми, археологхэм шэч къытрахьэркъым блэкIа жыжьэм теухуауэ щIым «игъэпщкIу» щэху куэд иджыри къызэратIэщIынум. ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, дзэ къулыкъущIэхэм я улахуэр етыныр и къалэну быдапIэм иIа гъэтIылъыпIэм щыщ Iыхьэ мащIэу аращ а ахъшэхэр.

## НОБЭ

♦**Дахагъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Дизайнер-графикым и махуэщ**

♦**Таджикистан Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**Молдовэ Республикэм и къэрал шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщ лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦1776 гъэм Америкэм и колоние зэгуэтхэр Америкэм и Штат Зэгуэтхэу зэрахъуэкIащ.

♦1984 гъэм Москва щыщIидзащ шахматхэмкIэ дунейм и чемпион цIэм щIэбэнхэу Карпов Анатолийрэ Каспаров Гаррирэ я зэпеуэр. Ар мазитхукIэ екIуэкIащ икIи куэдыIуэрэ зэрызэрытемыгъакIуэм къыхэкIыу зэпагъэун хуей хъуауэ щытащ.

♦1970 гъэм Волжскэ автозаводым «ВАЗ-2101» (Жигули) автомашинэ лIэужьыгъуэр къыщIигъэкIыу щIидзащ.

♦1999 гъэм Москва Гурьяновым и цIэр зезыхьэ уэрамым щалэжьа терактым и зэранкIэ псэупIэ унэхэм ящыщ къэуащ. Абы цIыхуи 106-рэ хэкIуэдащ.

♦Урыс тхакIуэшхуэ, дунейпсо литературэм и классик **Толстой Лев** къызэралъхурэ илъэси 187-рэ ирокъу.

♦Шапсыгъ джэгуакIуэ **Щхьэлахъуэ Алий** къызэралъхурэ илъэси 133-рэ ирокъу.

♦Совет усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, сабийхэм яхуэтхэу щыта **Заходер Борис** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Совет уэрэджыIакIуэ, композитор, СССР-м и цIыхубэ артист **Гуляев Юрий** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Румянцевэ Надеждэ** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Шапсыгъ сурэтыщI, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и художник **Хьэпышт Хьисэ** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Мысрокъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Адыгей сурэтыщI **Гъуэгунокъуэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Зи щхьэ Iуэху зыхуэмыщIэжыр хамэ IуэхукIэ ерыщщ.**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъумрэ Iуэхухэр зезыхьэ кадрхэм я резервымрэ япыщIа Iуэхухэмк Iэ щыIэ комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъумрэ Iуэхухэр зезыхьэ кадрхэмрэ я резервым япыщIа Iуэхухэмк Iэ щыIэ комиссэм хэтхэр къэщтэн

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж къэрал къулыкъумрэ Iуэхухэр зезыхьэ кадрхэм я резервымрэ япыщIа Iуэхухэмрэ абы хэтхэмрэ егъэщIылIауэ щыIэ комиссэм теухуа Положенэр къэщтэным и Iуэхук Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм накъыгъэм и 29-м къыдигъэкIа Указ №121-УГ-м и 1-нэ пунктым и ещанэ абзацым къару имыIэжу къэлъытэн.

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм шыщхьэуIум и 24-м*
*№112-УГ*

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм шыщхьэуIум и 24-м къыдигъэкIа Указ№112-УГ-мкIэ къащтащ***

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж къэрал къулыкъумрэ Iуэхухэр зезыхьэ кадрхэм я резервымрэ япыщIа Iуэхухэмк Iэ щыIэ комиссэм**

## хэтхэр

**Къуэдзокъуэ М. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIыр *(Комиссэм и унафэщIщ)*

**Сарбашевэ С. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм щIыпIэ самоуправленэм пыщIа Iуэхухэмк Iэ и управленэм и унафэщIыр *(Комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ)*

**Алэкъей А. М.** - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

**Альтуд Ю. Къ.** - «Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и ректорыр *(зэгурыIуауэ)*

**Апажэ А. Къ.** - «КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и ректорыр *(зэгурыIуауэ)*

**Берд Хь. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэныгъэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Битокъу В. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр

**Гъудэ А. Ф.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Аппаратым и унафэщIыр

**Емуз А. С.**- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъумрэ кадрхэмрэ япыщIа Iуэхухэмк Iэ и управленэм и унафэщIыр *(Комиссэм и секретарщ)*

**Емуз Н. Гъу.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмк Iэ и министрыр

**Канунников В. А.** - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмк Iэ и федеральнэ инспекторыр *(зэгурыIуауэ)*

**Мэкъуауэ А. В.** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и къэрал-правовой управленэм и унафэщIыр

**Рахаев Б. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

**Тюбеев А. И.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ псэуныгъэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министрыр

**Ячный И. В.** - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэрал дамыгъэхэмкIэ щыIэ комиссэм хэтхэр къэщтэным и Iуэхук Iэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэрал дамыгъэхэмкIэ щыIэ комиссэм хэтхэр къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэрал дамыгъэхэмкIэ щыIэ комиссэм и Iуэхук Iэ» 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м къыдигъэкIа Указ №103-УГ-м и 2-нэ пунктым и ещанэ абзацым къару имыIэжу къэлъытэн.

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм шыщхьэуIум и 24-м*
*№113-УГ*

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм шыщхьэуIум и 24-м къыдигъэкIа Указ №113-Уг-мкIэ къащтащ***

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж къэрал дамыгъэхэмкIэ щыIэ комиссэм**

## хэтхэр

**Къуэдзокъуэ М. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщIыр *(Комиссэм и унафэщIщ)*

**Сарбашевэ С.М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщIым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Администрацэм щIыпIэ самоуправленэм пыщIа Iуэхухэмк Iэ и управленэм и унафэщIыр *(Комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ)*

**Альтуд Ю. Къ.** - Профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и ректорыр *(зэгурыIуауэ)*

**Амщокъуэ Ф. Къ.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профессиональнэ союзхэм я организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Битокъу В. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр

**Говоров С. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрыр

**Емуз А. С.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъумрэ кадрхэмрэ япыщIа Iуэхухэмк Iэ и управленэм и унафэщIыр *(Комиссэм и секретарщ)*

**Емуз Н. Гъу.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмк Iэ и министрыр

**Жанатаев С. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэр

**Мэкъуауэ А. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэхэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и къэрал-правовой управленэм и унафэщIыр

**Маслов Н. А.** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэм я совет» Ассоциацэм и гъэзэщIакIуэ директорыр *(зэгурыIуауэ)*

**Тюбеев А. И.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ псэуныгъэмкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министрыр

**Шэт И. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрыр

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Инвестицэхэмрэ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэмкIэ щыIэ Советым теухуа Положенэмрэ абы хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м къыдигъэкIа Указ №49-УГ-мкIэ щIэгъэбыдамрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Инвестицэхэмрэ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэмкIэ щыIэ советым теухуа Положенэмрэ абы хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м къыдигъэкIа Указ №49-УГ-мкIэ щIэгъэбыдамрэ мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Положенэм къыщыкIуэ «мазищым зэ нэхърэ нэхъ мымащIэкIэ» псалъэхэр щызэхъуэкIын «хуей зэрыхъум елъытауэ» псалъэхэмкIэ;

б) Советым хэтхэр:

**Говоров Сергей Анатолий и къуэр** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрыр хэгъэхьэн;

Лыхь З. А. и къулыкъур мыпхуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министр»;

Дадэ М. А. хэгъэкIын.

1. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм шыщхьэуIум и 24-м*
*№115-УГ*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм стипендиехэмкIэ и эксперт советым хэтхэр къэщтэным и Iуэхук Iэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм стипендиехэмкIэ и эксперт советым хэтхэр къэщтэн.

2. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм стипендиехэмкIэ и эксперт советым хэтхэр къэщтэным и Iуэхук Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 24-м къыдигъэкIа унафэ №21-РГ-м къару имыIэжу къэлъытэн.

3. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм шыщхьэуIум и 27-м*
*№107-РГ*

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм шыщхьэуIум и 27-м къыдигъэкIа унафэ №107-РГ-мкIэ къащтащ***

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм стипендиехэмкIэ и эксперт советым**

## хэтхэр

**Къуэдзокъуэ М. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIыр *(эксперт советым и унафэщIщ)*

**Емуз Н. Гъу.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмк Iэ и министрыр *(эксперт совет и унафэщIым и къуэдзэщ)*

**Альтуд Ю. Къ.** – «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и ректорыр*(зэгурыIуауэ)*

**Апажэ А. Къ.** – «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и ректорыр *(зэгурыIуауэ)*

**Бэрбэч К. З.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэм и унафэщIыр

**Жанатаев С. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

**Кирин А. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмк Iэ и министрым и къуэдзэр *(эксперт советым и секретарщ)*

**Рахаев А. И.** - «ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и ректорыр.

# Жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу

● Бахъсэн щIыналъэ

**Бахъсэн щIыналъэм и социальнэ IэнатIэхэмрэ ЖКХ-мрэ я псэуалъэхэр 2015-2016 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум еужьэрэкIыу хуагъэхьэзыр.**

НАКЪЫГЪЭ кIуам и 19-м КъБР-м и Правительствэм къищта Унафэ № 92-1111-м зэрыщыубзыхуам тету, абы теухуа программэ ягъэхьэзыращ, щхьэж и къалэнымрэ ар щызэфIигъэкIыну пIалъэмрэ ягъэбелджылащ. ЕджапIэ псоми я пэш кIуэцIхэр зэрахьащ, школхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ я IупльапIэхэр зыхуей хуагъэзащ, IуэхущIапIихым я хуабэ гуэшыпIэхэр, псы кIуапIэхэр, фIей щIэжыпIэхэр зэгъэпэщыжыныр и кIэм нагъэс, нэгъуэщIиплIым я унащхьэхэр ремонт ящIащ.

Егъэджэныгъэ Iуэхур егъэфIэкIуэнымкIэ щхьэхуэу лэжьыпхъэхэм щIыналъэ бюджетым щыщу сом мелуанищрэ мин щиплIрэ блыщIрэ хырэ хухахащ, еджапIихым мафIэсым зэрыпэщIэт автоматикэ сигнализацэхэр щагъэувынущ икIи щызэрагъэпэщыжынущ. Абыи сом мин щиблрэ тхущIрэ щхьэхуэу хухахащ. Бюджетым щымыщ мылъкукIэ школищым АПС-хэр щызэрагъэпэщыжащ, апхуэдэу сабий гъэсапIэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ яубзыхуахэм хыхьэу, аргуэру еджапIитIым я сигнализацэхэр ремонт ящIынущ.

ШколипщIым бжэ-щхьэгъубжэхэр щахъуэжащ, нэгъуэщIитхум ахэр щыхагъэувэ. Щеджэ, зыщагъэпсэху пэшхэм я лъэгухэр IуэхущIапIэ пщыкIущым щызэрахъуэкIащ, спорт, зэхуэсыпIэ пэшхэр ремонт ящIащ.

Къанэ щIагъуэ щымыIэу, еджапIэ псоми я пщIантIэхэр зэлъыIуахащ, бжыхьхэр зыхуей хуагъэзащ, спорт ухуэныгъэхэр къагъэщIэрэщIащ. Котельнэхэр зэгъэпэщыжыным къаруушхуэ ирахьэлIэ, мы зэманым Iэмэпсымэхэр зэтраухуэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и объектхэм я процент 60-м щIигъур ягъэхьэзыращ.

Хуабэ-энергетикэ псэуалъэхэм къызэрымыкIуэ щытыкIэ къыщыхъу хъужыкъуэмэ, предприятэхэмрэ организацэхэмрэ абы зэуIуу зэрыпэщIэтынум зэрыхуэхьэзырыр къапщытэ. ЩIыналъэм и объектхэм хуабэ къарум къыщыдэгъэхуэным пыщIа Iуэхугъуэхэр ягъэзащIэ. Гидропневматикэм, насос, электромеханикэ, газ Iэмэпсымэхэр зэгъэпэщыжыным, зэхъуэкIыным, зэтеухуэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр, нэгъуэщIхэри и кIэм нагъэблагъэ, къызыдэкI хуабэ кIуапIэхэр ягъэбыдэ. Ислъэмей къуажэм и курыт еджапIэ №1-мрэ №2-мрэ я хьэкухэр зэрахъуэжыну проект тхылъхэр ягъэхьэзыр, Къулъкъужын Ищхъэрэм и школ №3-м и хьэкухэри республикэ бюджетым и хьэкъкIэ зэрахъуэкIыну я мурадщ. ПсыкIэху къуажэм и курыт еджапIэмрэ и сабий гъэсапIэмрэ щхьэхуэу зэрагъэхуэбэну котельнэ яухуэ.

Котельнэхэр зэгъэпэщыжыным пащэ, ахэр лэжьыгъэм зэрыхуэхьэзырымкIэ паспортым жэпуэгъуэ дызыхуэкIуэм и 1-м Iэ щIадзын хуейщ.

ЩIынальэм и муниципальнэ псэупIэ фондыр метр зэбгъузэнатIэ мин 34,2-м тещIыхьа унэ зэтету 30 мэхъу. Абыхэм я техникэ щытыкIэр Iейкъым. Иужьрей илъэсихым къриубыдэу ягъэIэпхъуэн хуейхэр къыщIагъэкIащ е федеральнэ программэ хэхам тету, «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и щIэгъэкъуэн фонд»-м и хьэкъкIэ, къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ.

Арами, зыхунэмысахэри щыIэщ. Къапщтэмэ, Къубэ-Тэбэ къуажэм и котельнэ нэхъыщхьэхэр зэрымылэжьэжым къыхэкIыу, фэтэрхэр дяпэкIэ зэрагъэхуэбэнум унафэ къыхуэгъуэтыпхъэщ. ЦIыхухэм хьэку щхьэхуэхэр ягъэувын ядэркъым - проект тхылъхэр пщIэншэу иратами, унагъуищэм щIигъум щыщу ахэр зиIэр пщыкIутху къудейщ.

- Къэтщта программэм тету, социальнэ IэнатIэхэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ я объект псори иджыри зэ къэтпщытэнущ, дигу зыхуэмызагъэ щыIэмэ, псынщIэу зэдгъэзэхуэжынущ, - къигъэлъэгъуащ щIыналъэ администрацэм ухуэныгъэмкIэ, архитектурэмрэ ЖКХ-мкIэ и къудамэм и унафэщI Ует Анатолэ.

**ЧЫЛАР Аринэ.**




# ПщIэмрэ щIыхьымрэ я дамыгъэ

**Урысей МЧС-м и Управленэ Нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм Бэракъ щратащ Налшык къалэм дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм.**

ГУФIЭГЪУЭ щытыкIэм иту Урысей МЧС-м и Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ центрым и унафэщI Пленников Виталий Бэракъыр иритащ Урысей МЧС-м и Управленэ Нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм. ЗэIущIэ гуапэм кърихьэлIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Битокъу Владимир, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэр, дин IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, Урысей МЧС-м и ветеранхэр, Управленэ нэхъыщхьэм и къулыкъущIэхэр.

Бэракъыр IуэхущIапIэм къадекIуэкI хабзэхэр, ди къэралым и лIыхъужьыгъэ хабзэхэр къэзыгъэлъагъуэ дамыгъэ щхьэхуэщ - дэтхэнэми игу къегъэкIыж Хэкум къулыкъу хуэщIэныр и къалэну зэрыщытыр. 2010 гъэм и дыгъэгъазэм Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Урысей МЧС-м и Бэракъыр Iэщилъхьауэ щытащ Урысей МЧС-м и министрым. УФ-м и Президентым и Указым ипкъ иткIэ, Урысей МЧС-м и Управленэ Нэхъыщхьэу Урысейм и щIыналъэхэм щыIэ псоми езым я бэракъ яIэжын хуейщ.

- ЩIыналъэ центрым и унафэщIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэ гупым, абы и нэIэм щIэт IэнатIэхэм йохъуэхъу мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхугъуэмкIэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ бэракъыр етыным дэтхэнэми жэуаплыныгъэ хэха пщэрылъ зэращищIыр. ШыщхьэуIу мазэм и лэжьыгъэм кърикIуахэмкIэ Урысей МЧС-м и Управленэ Нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэхэу Урысей Федерацэм щыIэхэм я деж япэ увыпIэр щиубыдащ. Си фIэщ мэхъу бэракъыр фи дежкIэ Управленэ Нэхъыщхьэм и лIыгъэм, псэм и быдагъымрэ къарумрэ иджыри я зы дамыгъэ зэрыхъунур, зыIэрывгъэхьа ехъулIэныгъэхэм хэмыщIу цIыхухэмрэ щIыналъэмрэ къызэрымыкIуэ щытыкIэм щыхъумэным сыт щыгъуи фыхуэхьэзыру зэрыщытынур, - жиIащ гуфIэгъуэ зэIущIэр къыщызэIуихым къэрал кIуэцI къулыкъум и генерал-майор Пленников Виталий.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къыбгъэдэкIыу къызэхуэсахэм захуигъэзащ Битокъу Владимир. Ар Управленэ Нэхъыщхьэм и лэжьакIуэ гупым, Урысей МЧС-м и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и ветеранхэм, хьэщIэхэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэмк Iэ ехъуэхъуащ. ЖиIащ мафIэсгъэункIыфIхэр, къегъэлакIуэхэр, управленэм и лэжьакIуэхэр адэкIи цIыхухэм я гъащIэмрэ узыншагъэмрэ я плъыру зэрыщытынур и фIэщ зэрыхъур.

Хъуэхъу псалъэ гуапэхэр жаIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и муфтийм и къуэдзэ Ащнокъуэ Мухьэмэд, Налшык и православнэ члисэхэм я благочиннэ протоирей Бобылев Валентин, журт общинэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и лIыкIуэ Ханукаев Исса сымэ. Ветеранхэм къабгъэдэкIыу къызэхуэсахэм захуигъэзащ Управленэ Нэхъыщхьэм и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Романенкэ Борис. Абы жиIащ Бэракъыр мафIэсгъэункIыфIхэмрэ къегъэлакIуэхэмрэ къадекIуэкI хабзэфIхэр къэгъэщIэрэщIэжыным икIи егъэфIэкIуэным, жылагъуэм я пщIэр щыгъэбыдэным, къулыкъум и пщIэр Iэтыным и дамыгъэ псэ быдагъэм, пщIэмрэ щIыхьымрэ я къежьапIэу зэрыщыщытыр. Къыхигъэщащ а дамыгъэм Урысей МЧС-м и Управленэ Нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и гупыр къапэщыт къалэнхэр ехъулIэныгъэ яIэу гъэзэщIэным зэрытригъэгушхуэнур.

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Надежин Михаил къэпсэлъахэм жаIа псалъэ гуапэхэм, я IуэхущIапIэм и гупым я лэжьыгъэм гулъытэ лъагэ зэрыхуащIам папщIэ фIыщIэ яхуищIащ. Къыхигъэщащ управленэм и IэнатIэ псоми, мафIэсгъэункIыфIымрэ къегъэлакIуэмрэ къыщыщIэдзауэ унафэщIхэм я деж нэсу, мы тхыдэ Iуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, Урысей МЧС-м и IэнатIэм щызекIуэ хабзэхэр хъумэнымрэ гъэбэгъуэнымрэ, тхьэрыIуэм хуэпэжыным лэжьакIуэхэр УФ-м и Конституцэмрэ законхэмрэ гъэзэщIэнымкIэ, граждан, конституцэ къалэнхэм тетынымкIэ щапхъэу зэрыщытынур и фIэщ зэрыхъур. Абы жиIащ Управленэ Нэхъыщхьэм и лэжьакIуэхэм адэкIи цIыхухэмрэ щIыналъэмрэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм, мафIэсхэм щыхъумэнымкIэ къалэныр пщIэрэ щIыхьрэ яIэу зэрырахьэкIынур.

ГуфIэгъуэ зэIущIэм и кIэухыу Урысей МЧС-м Управленэ Нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэ нэхъыфIхэм медалхэр, бгъэхэIу дамыгъэхэр, щIыхь тхылъхэр иратащ.

**БЕР Къантемыр,**
*Урысей МЧС-м и Управленэ Нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.*

# ЦIыхухэм ящымыгъупщэн гуауэ

**Илъэс 11 ипэ Беслъэн къыщыхъуа гуауэм иджыблагъэ иращIэкIа зэхыхьэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Кавказ Ищхъэрэм и адрей республикэхэм я школакIуэ цIыкIухэр хэтащ.**

2004 ГЪЭМ и фокIадэ мазэм Беслъэн дэт школым щIэпхъаджащIэхэр теуэу цIыху 1100-рэ гъэру зэраубыдам, абы игъэгуIахэмрэ, нэпскIэ яхуэмытхьэщIыж гуауэм и уIэгъэ куухэмрэ тепсэлъыхьащ Осетие Ищхъэрэ-Аланием я «Ныхас» центрым и тхьэмадэ Томаев Савелий.

ЦIыхухэм зэи ящымыгъупщэн гуIэгъуэм сабийуэ 186-рэ хэкIуэдащ.

Зэманыр макIуэ, Беслъэн школыщIэ щаухуэжащ, ауэ гуауэшхуэр къыщыхъуа еджапIэ корпусымрэ спортзалымрэ иджыри зэрызэхэкъутащ. Спортзалым щхьэ тралъхьащ, хьэзабыр я псэм телъу яукIахэм тхьэ щахуелъэIун члисэ школым и Iэгъуэблагъэм щаухуэ.



Къадэщыгъуэхэм фIыщIэ ин яхуищIри, терроризмэм и Iэ щIыIэр мамырыгъэм къыхамыгъэIэбэнымкIэ щхьэж хузэфIэкI илэжьыну къыхуриджащ Томаевым къызэхуэсахэр.

Налшык щыIэ осетинхэм я «Ныхас» щэнхабзэ центрым и унафэщI Сугкоев Рэмэзан жиIащ а махуэ шынагъуэхэм щыгъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр япэ дыдэу защIэзыгъэкъуахэм зэращыщыр. Апхуэдэуи абы къиIуэтэжащ хабзэхъумэ IэнатIэм щылажьэ офицеритIым щIэпхъаджащIэхэм шэсыпIэу яIыгъхэм я пIэкIэ затыну хьэзыру къызэрыхуэкIуауэ щытар...

Илъэс къэс КъБР-м щыщ куэд а махуэхэм «МелыIычхэм я кхъэм» макIуэри, гуимыхуж гуауэр зыгъэвхэм зы мащIэкIэ нэхъ мыхъуми дагъэпсынщIэ.

Зи сабий хэкIуэда анэхэм мы гъэм доллар минитI хуахьыжащ налшыкдэсхэм, а ахъшэр США-м щыщу ЕтIуанэ дунейпсо зауэм хэтахэм зэхуахьэсащ.

- Сэ быдэу си фIэщ мэхъу щIэпхъаджагъэм къихь гуауэр зыхуэдизыр зылъэгъуа ныбжьыщIэхэр мамырщIэкъуу къызэрытэджынур. ЦIыху гуауэр зэхэзыщIыкIым зэи лей зэрихьэжынукъым, - жиIащ Сугкоевым.

**БОГАЧЕВЭ Иринэ.**
*Сурэтыр* **Шыбзыхъуэ Астемыр** *трихащ.*

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 ирокъу

# Зыужьыныгъэм и шэсыпIэ



Илъэс мин бжыгъэкIэ узэIэбэкIыжмэ, дунейпсо зыужьыныгъэм и япэ гулъхэр къэтIэпIу щыхуежьа лъэхъэнэм, нобэ зи цIэр ямыщIэж усакIуэ гуэр, гущIыхьэ щыхъуу, щIэупщIэгъащ: «ИIэну кIэ цIыху гужьгъэжьым?!» А зэман жыжьэм къыщыщIэдзауэ цIыху хейуэ щыIэм я хъуэпсапIэщ: я уафэр къащхъуэу, я щIылъэр щхъуантIэу, я бын япIыжрэ я гуащIэ хьэлэлым къыпэкIуар IэфIу яшхыжу дунейм тетыныр. Арщхьэк Iэ щыIэщ а хъуэпсапIэ нэхум и бий кIэуфIыцIхэр. Ахэр нэпсеягъэр зи псэм псыдыуэу къыщIэф, ахъшэмрэ мылъкумрэ зи нэр къыщхьэрипхъуа, цIыху гуауэмрэ гузэвэгъуэмрэ гухэхъуэ хэзылъагъуэ, зауэр фейдэ хэкIыпIэ щIыныр зи нэрыгъ бзаджэнаджэхэрщ. Апхуэдэхэм ЩIым и бынжэу зыкъалъытэж икIи шэч лъэпкъ къытрахьэркъым Дунейм и тепщэу щытыну езыхэм зэрахуэфащэм. Я мурад Iейхэр зрагъэхъулIэн папщIэ, абыхэм я гъуэгум къащыпэщIэхуэ псори хьэдэлъэмыж зэтращIэ. А Iиблис щылъхухэрщ цIыхубэр игъащIэ лъандэрэ бэлыхь хэзыдзэр - зауэ-банэ хэзымыгъэкIыр.

Зауэр - щхьэм къимытIасэ щIэпхъаджагъэщ, гущIэгъуншагъэщ, хьэдэгъуэдахэщ. Къыпхуэмылъытэн хуэдизщ абы мыгъуагъэрэ тхьэмыщкIагъэу къишэр. ЦIыху бжыгъэншэхэр зэрыхэкIуадэм, ныкъуэдыкъуэ зэрыхэхъухьым нэмыщI, зауэм щIыуэпсым и дахагъэмрэ и беигъэмрэ Iсраф зэтрещIэ, лIэщIыгъуэ минхэр зи ныбжь культурэм и Iэужь лъапIэхэр зэтрекъутэ, сабий зеиншэхэмрэ зи нэм нэпс къыщIэмынэжа фызабэ тхьэмыщкIэхэмрэ мин бжыгъэкIэрэ къызэренэкI, цIыхугухэм шынагъэрэ фIэщмыхъуныгъэрэ ирелъхьэ, цIыхупсэхэм мыкIуэдыжын фэбжь яредз, зи гъащIэр зэтекъута щIэблэ гугъапIэншэхэр губгъуэжьым къренэ.

Ахэращ зауэр хьэкIэкхъуэкIагъэу щыIэм я нэхъыкIэу къыщIэлъытапхъэр. Аращ цIыху хейуэ щыIэм я нэлат зауэ зэщIэгъэстакIуэхэм щIалъыгъэсыпхъэр.

Зы зауэ лIэужьыгъуэ закъуэщ бгъэзахуэ хъуну щыIэр. Ар ущалъхуа Хэкур иубыду пщылIыпIэ уригъэувэн мурадкIэ къыптеуэ биймм иращIылIэ зауэрщ. ДэркIэ апхуэдэ щхьэхуитщIыжакIуэ зауэу щытащ Хэку зауэшхуэр.

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и мафIэсым ЩIы хъурейр зэщIилыпщIэным зымащIэщ иIэжар. И гъуэм имыхуэжу къежьа благъуэ фIыцIэм и мурадащ дыгъэр иубыду дунейр кIыфIыгъэм щIригъэлъэфэну. Арщхьэк Iэ нэхугъэм и телъхьэхэм къызэпаудащ а мурад фIейр. Псом хуэмыдэу абы удын лъэщ езыдзар совет зауэлIхэрщ, совет цIыхубэрщ.

... 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м пщэдджыжьыр сыхьэти 4-м нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди къэралым къытеуат. Лэжьэгъуэ махуэр хьэлэлу къезыхьэлIа гуащIэрыпсэухэр гъэмахуэ жэщым и жьыбгъэ щабэм IэфIу щIэжеикIырт. Зи нэ жей къемыкIуэр курыт еджапIэр къэзыух ныбжьыщIэхэрт - хъуэпсапIэ дахэхэр зи гум щыпхъэру нэхущ пшэплъым IущIэну зи мурадхэрт. Иужьрей уэздджынэр къызыхуеуагъащIэу гъащIэм лъэбакъуэщIэ хэзычэ а щIалэхэмрэ хыджэбзхэмрэ, я гуращэхэр яIэщIигъэхуу, къахэIуащ гуIэгъуэм и тхьэгъуш макъ. Ди Хэкум и уафэ къащхъуэр яуфэбгъуащ нэмыцэ кхъухьлъатэхэм, ди щIыналъэм къизэрыгуащ бииддзэ бжыгъэншэхэр. КъуэкIыпIэ пшэплъыр къриIащ къэрал гъунапкъэр зыхъумэ ди сэлэтхэм я лъым. Абыхэм яхуэщыгъуэ хуэдэ, нэхущ бзу цIыкIухэми я жьгъыру макъыр пачащ. Абдеж къэIуащ псэзэпылъхьэпIэ ихуа Хэку-анэм и джэ макъ! ИкIи ди къэралышхуэм лъэпкъыу исыр зылI и быну зэкъуэувэри, блыну пэщIэуващ лъэгущIэтын дищIын мурадкIэ къежьа бий хьэщхьэрыIуэм.

Лъыпсрэ нэпскIэ гъэнщIа гъуэгуанэ гугъу къызэпачащ ди цIыхухэм. ЦIыкIуи ини, жьыи щIэи - зэрыкъэралу къэмылэнджэжу пэщIэтащ ди лъапсэм псы изыгъэжыхьыжыну зи гугъа бий ерум.

1945 гъэм накъыгъэм и 9-м ди ТекIуэныгъэкIэ иухащ илъэсиплI зи кIыхьагъа а зауэ гъуэгуанэ хьэлъэр - Хэку зауэшхуэр. Кремлыщхьэм къыщхьэщыт вагъуэ къуапитхур нэхъри къызэщIэлыдащ, салют бжыгъэншэхэм щхъуэкIэплъыкIэу къызэщIагъэнэхуащ ди Хэкум и уафэ къащхъуэр. ГуфIэгъуэ нэпсымрэ гуауэ нэпсымрэ яфIызэхэлъэдэжауэ, цIыхухэм щIагъэкIырт ТекIуэныгъэм и нэпс!

Зауэ куэд къращIылIащ Урысейм. Ауэ ар зэи зыми лъэгуажьэмыщхьэу хуэгъэувакъым. Къэхъуакъым къытеуа биймм ар щыпэмылъэща - джатэ къихакIэ къыхуэкIуар а иIыгъа джатэм щытемыкIуэдэжа!

УсакIуэм зэрыжиIащи:

*Дыгъужьу бийр къихьам си Лъахэм,*
*ТхьэкIумэкIыхьу къебгынэж!*

Аращ ноби: фIыкIэ къытлъихьэм - фIыуэ дыкъыхущIэкIынущ, IейкIэ къытщишэм - фIы щIихынукъым.

Зауэмрэ мамырыгъэмрэ литературэ псом и темэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къогъуэгурыкIуэ Гомер и деж къыщыщIэдзауэ. Зы лъэпкъи щыIэу къыщIэкIынкъым зауэм къихьа гузэвэгъуэхэмрэ зи гуащIэкIэ псэужхэм я плъапIэ мамырыгъэмрэ яхуэфэщэн тхыгъэкIэ пэмыджэжауэ. Адыгэ литературэми увыпIэшхуэ щаубыд а темэхэм. ИкIи жыIапхъэщ зауэмрэ мамырыгъэмрэ ятеухуауэ ятхахэм я нэхъыфIыпIэм ди тхакIуэ пажэхэм я IэдакъэщIэкIхэри - ар прозэуи щIы, усыгъэуи щрырет - зэращыщыр. Псом хуэмыдэу а темэхэр кууэ, гъащIэм и пэжыр я лъабжьэу, щызэпкърыхащ зауэм и курыкупсэм хэта ди тхакIуэ нэхъыжьхэм я тхыгъэхэм.

Зауэ лъэхъэнэм, зауэ нэужь илъэс хьэлъэхэм, мамырыгъэм ятеухуауэ утыкушхуэ узэрихьэ хъун тхыгъэ купщIафIэхэр я IэдакъэщIэкIащ ди тхакIуэ нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми.

*Дунеишхуэ, умыIэуэлъауэ.*
*Дунеишхуэ, сынолъэIу, зыущэху.*
*Топ зыщIыпIи зэрыщамыгъауэр*
*Хьэкъ къысщыщIи, мы си гур гъэпсэху.*

*Дунеишхуэ, умыдаущыншэ,*
*Ущыбзэншэм, псэншэ ухъу къысфIощI:*
*Сабий макъкIэ дыхьэшх уэ щIумычэу,*
*Бзу уэрэдхэр уемызэшу шэщI.*

*Гъэщхъыщхъ пщIащэр, псыхэри гъэушэ,*
*Iэуэлъауэ, гъахъэ, щIэ уи Iуэху:*
*ГъащIэр щIым зэрыщекIуэкIыр кIэншэу*
*ЗыхэзгъащIи, мы си гур гъэпсэху.*

Мамырыгъэр - зыузэщIыныгъэм, цIыхугъэм, дахагъэм я шэсыпIэщ. Дунейр мамыру екIуэкIмэщ щIэныгъэми, культурэми, литературэми, гъащIэм и адрей IэнатIэхэми зыщебгъэужьыфынур, а зыужьыныгъэр цIыхум и фейдэ зыхэлъхэм, къэкIуэну щIэблэхэм я насыпым щыхуэбгъэлэжьэфынур.

Iэщэ къыщIэпщтэн щхьэусыгъуэ уимыIэу, уи мурад дахэхэр зэбгъэхъулIэу дунейм утетыныр, шэч хэмылъу, зыхуэбгъэдэ хъун щымыIэ насыпышхуэщ. Аращ цIыхухэмрэ къэралхэмрэ, зауэбанэ хэмыту, зэгурыIуэн, сыт хуэдэ Iуэхуми псалъэкIэ унафэ тращIыхьын щIыхуейр. Апхуэдэ лъагапIэ цIыху акъылыр нэсатэмэ, шэч лъэпкъ къытумыхьэжу жыпIэ хъунут фIы зигу илъ псоми я мурад нэхъыщхьэр къайхъулIауэ. Арщхьэк Iэ а хъуэпсапIэ нэхур уэгум къыщыблэ вагъуэ жыжьэу мызэкIэ тпэIэщIэщ.

*Ди лIэщIыгъуэр гуапагъэ хуэныкъуэщ.*
*ГумащIагъэ абы къомэщIэкI.*
*УвыIакъым ноби зауэм и Iэр -*
*Анэм нэпс зыщIыпIэ щыщIегъэкI.*

ЩIы щIагъым мэкъумэш щызыщIэ гуэрхэр ноби яужь итщ Урысейр и пIэ кърашу имылэжьыпхъэ ирагъэлэжьыну. АрщхьэкIэ ди къэралыр ящыщкъым нэуфIыцIщхьэрыуэу мылгъурыджейм телъадэхэм. ЗэпIэзэрытущ, зэпэшэчауэщ ар сыт хуэдэ Iуэхуми зэрыбгъэдыхьэр.

МынэхъыфIу пIэрэт гъащIэм и псынэр зыгъэутхъуэну, уеблэмэ изыгъэгъущыкIыну хэт а щхьэзыфIэфIхэр зыщIэгупсысыжамэ, Урысейм и тхыдэм зэ ирипльэжу икъукIэ зэрыщхьэрыуэр къагурызыгъэIуэжын дерс къыхахамэ?! Шэч хэмылъу, нэхъыфIт.

ЦIыхуу щыIэм псэупIэ закъуэу диIэр мы ЩIы хъурейрщ. Аращ ар, нэр напIэм зэрихъумэм хуэдэу, тхъумэн, дгъэфIэн, дгъэлъэпIэн щIыхуейр. Аращ фIы зигу илъ псори нэхъри зэкъуэувэу мамырыгъэм и телъхьэ къару лъэщу къыщIэувыпхъэр. Аращ мы дунейм тхакIуэу тетыр, къалэмыр я Iэщэу, ем пэувын щIыхуейр.

Дунейр къызыхуигъэщIар залымыгъэкъым, мыгъуагъэкъым, хьэзабкъым.

Дунейр къызыхуигъэщIар гуфIэгъуэщ, гуапагъэщ, фIылъагъуныгъэщ, насыпщ.

ЩIыр щIыщыIэр сабий къыщалъхунырщ, ЩIыр щIыщыIэр къыщыкIынырщ гуэдз!

*Гъатхэ хадэр, зэрахабзэу,*
*Бынунагъуэм ягъэкъабзэ.*
*ЯщIа мафIэм къыхеху Iугъуэ -*
*Уафэ къащхъуэри мэгуфIэ.*

*И нэгу къищу нэщхъыфIагъэ,*
*Анэр бынхэм яхуопщафIэ.*
*Хьэку уэнжакъым кърехху Iугъуэ -*
*Уафэ къащхъуэри мэгуфIэ.*

*ЩIимыгъанэм зауэ Iугъуэм,*
*Хуиту щIылъэм къыIуплъэфмэ,*
*Уафэр хуейкъым нэгъуэщI фIыгъуэ.*
*Уафэ къащхъуэр ирегуфIэ!*

Мы гъэм накъыгъэм и 9-м илъэс 70 ирикъуащ Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ.

Мамыр гъащIэр къытхуэзыхьыжахэм ди щхьэр яхудогъэщхъ!

Ирехъу ди Хэку уардэр нэхъри быдэ икIи лъэщ!

**МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ,**
*«Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ.*

## МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ и усэхэр

* * *

Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну,
ЩIым гуапэу къедэхэщIэну.
Зауэм и Iугъуэм щIиуфэм -
Дыгъэм и лажьэр сыт?

Хуейщ бзухэр уэгум итыну,
Хуиту уэрэд къэрашыну.
Шэм и фий макъым игъащтэм -
Бзухэм я лажьэр сыт?

Удз дахэр хуейщ къэгъэгъэну,
Еплъ псоми ягу хигъэхъуэну.
Ем къыщIэхутэм и лъэгум -
Гъэгъам и лажьэр сыт?

Хуейщ сабий цIыкIухэр джэгуну,
ЩIым гуфIэу къыщажыхьыну.
Балигъхэр зэгурымыIуэм,
Сабийм я лажьэр сыт?

### МАКЪХЭР

КъыщоIур щIылъэм
Макъ зэмыщхьу Iэджэ,
Я бжыгъэр дапщэ хъуми
Хэт ищIэн?
Я уэрэд дахэр
Къуалэбзум пщэдджыжькIэ
Мы си псэм гуапэу
СфIэфIщ къедэхэщIэн.

И дауш макъым
СедаIуэу щIэмычэу
Пщыхьэщхьэ хъуам
Псы Iуфэм сыIутын,
Iэгуауэ иным
Унэр зэтричу
СфIэфIщ хьэгъуэлIыгъуэ хъуамэ
Сыхэтын.

КъыщоIур щIылъэм
Макъ зэмыщхьу Iэджэ,
Я бжыгъэр дапщэ хъуми
Хэт ищIэн?
Мэгъуагъуэ уафэр -
Къыгуоху къырым дзакIэ, -
Апхуэдэ макъри
Трырет мы щIым.

Сабий къалъхунум
ПсэкIэ щыгуфIыкIыу,
ЦIыхубзхэр насыпыфIэу
ИрещэIу.
Ауэ ирехъу щIыр
Гуауэм къыдэмыскIэу -
Мы щIылъэм
Шэ фий макъ къыщремыIу.

* * *

Сыхьэт закъуи и IитIыр мыпсэхуу,
Зы чырбышым трилъхьэу адрейр,
Унэ дэгъуэ ухуакIуэм еухуэ.
Еплъ мыбдеж уэ узэрыщылейм.

И натIэпэм пщIэнтIэпсыр щилъэщIу,
ФIыгъуэу щыIэр къеуэлIа нэхъей,
ЗэщIекъуэж гъавэщIэр мэкъумэшыщIэм.
Еплъ мыбдеж уэ узэрыщылейм.

ЗэгуэкIуахэм зызэщамыгъэнщIу,
ЗэрыщыIэр ямыщIэжу жей,
Мазэ щIагъым IэплIэ щызэхуащIыр.
Еплъ мыбдеж уэ узэрыщылейм.

И бын цIыкIум псэкIэ щыгуфIыкIыу,
Гущэ къуапэр анэм егъэхъей,
Жэщ мамырыр абы щIодэIукIыр.
Еплъ мыбдеж уэ узэрыщылейм.

Семышыжу сэри жэщи махуи
Къызыхуисшыр уэрэд гъащIэ дахэрщ.
Къыуах нэлат, щымыIэ уэ къыпхуей,
Си сатырхэми пщыхуащ я ней,
Зауэ!

*1987 гъэ*

* * *

Хэт къыпфIэзыщар
Тхьэрыкъуэ пщэхум
ЦIэуэ Мамырыгъэм
И тхьэрыкъуэ?
СщIыркъым шэч,
Щытащ ар фIым хущIэкъуу,
ЩIыр насыпыфIэну
ЗыфIэфI цIыхуу.

Ит уафэгум
Хуиту къэплъэтыхьу,
Зигу хэщIам
ГуфIэгъуэ къыхуэплъыхьуэу.
Дыгъэр бзийкIэ
Гуапэу къодэхащIэу,
Уэ лIэщыгъуэ минхэр
КъыурегъащIэ.

Тетщ дунейм иджыри
ЦIыху еIуящIэ,
Зи фоч гъуазэр
Тезыгъапсэ
ГъащIэм...
СлъэкIыху
Мамырыгъэм и тхьэрыкъуэр
Ем ущысхъумэну си тхьэрыIуэщ.

*1987 гъэ*



* * *

БлэкIа зауаем щыгъуэ
Си адэшхуэм,
ХуищIащ и Хэкум
И псэр щхьэузыхь.
Абы и лIыгъэр,
Ноби сригушхуэу,
Дамыгъэу схэлъым хуэдэу
КъызокIухь.

Си адэр зэрыцIыкIурэ
Итщи губгъуэм,
Щымысхь зы махуэ закъуи
И пщIэнтIэпс.
Абы лэжьыгъэрщ
И дуней гуфIэгъуэр,
Абы и гъащIэр сэркIэ
Щапхъэ нэсщ.

Сахуэмыфащэу хъун
Си япэ итхэм?
Сэ срикIуэнщ
Абыхэм я лъэужь.
СхулъэкI си Хэкум
Хуэзмылэжьу щытмэ,
Сыт схужиIэн
Къихъуэнуми си ужь?

*1985 гъэ*

* * *

Ди зэманыр зэрыакъылыфIэ,
Ди зэманыр зэрыакъыл жан.
И Iущагъыр цIыхум уафэ бгъуфIэм
УафэхъуэпскIыу лъокIыририжэн.

Къехъуэпсэну блэкIахэр лIэщIыгъуэу
СыткIи хъуащи ар зэпIэзэрыт,
ПхуимыщIэну хэлъадэу делагъэ -
И цIи и щхьи имыгъэпуд.

ГубзыгъагъкIэ мы дуней къэхъукъащIэр
КъигъэIурыщIэну цIыхум лъокI.
ЩIым телъыджэу щилэжьар фIэмащIэу,
БлэплъыкIыну мазэм и гум къокI.

ФIыгъуэхэкIхэр зи Iэужь Iуэхушхуэ
ЦIыху акъылым щыдэслъагъум дей,
ЖызоIэ, ди зэманым сригушхуэу:
Зэрыбалигъыр сыту фIыт дунейр.

Ди зэманыр зэрыакъылыншэ,
Ди зэманыр зэрыакъыл пхэнж.
Къегупсыс IэщэщIэхэр щIэмычэу -
Нэкуи напIи имыIэж афIэкI.

Уэгу адрыщIым ихьэу-къеухыжу,
ЩIыр икъутэжыну цIыхур хэтщ.
Зи акъылым зы тIэкIукIэ итыжу
Фоч езыгъэпщэжыр и анэм хэт?

Зэрымыхъур мафIэкIэ удалъэ
ЕщIэр фIыуэ сабий цIыкIурэ пэт.
ЕтщIэкIыжмэ мафIэс ди щIыналъэм,
ЗыгъэункIыфIыжынур къакIуэу хэт?

И Iущагъыр цIыхум ем хуиунэтIу,
ГушыIэншэу, сэ щыслъагъум дей,
ЖызоIэ, ди зэманым сриукIытэу:
Арат щытам сабийуэ мы дунейр.

*1990*



* * *

Гур дэгуфIэу уи гуфIэгъуэм,
ДэткIуу ар уи гузэвгъуэм -
Сыпсэуным нэхъ насып сэ,
Си Хэку лъапIэ,
Сыхуэмей.

Си анэ дыщэр сэ къызэжьэу,
СыщыкIуэжкIэ ар къыспежьэу -
Сыпсэуным нэхъ гуфIэгъуэ
ЩIылъэм сэ
Сыщыхуэмей.

Умыкъутэт гугъэр уэри,
КъызжумыIэт дахэм зыри,
Сэ сопсэури сигу птхьэкъуауэ -
НэгъуэщI фIыгъуэ
Сыхуэмей.

*1980 гъэ*

* * *

Егъэлеяуэ мы щIылъэм
ФIыуэ цIыхуитI щыслъэгъуащ,
А тIуми
Сахуэмыныкъуэу,
А тIуми
Сахуэмысакъыу
Сыщыпсэуа къэмыхъуа.

Сэ гуауэм сигу щыхигъэщIым,
СыздэкIуэр
Ахэм я дежщ.
Си щхьэр иралъхьэм
Я куэщIым,
Я Iэр къыздалъэм -
Сохъуж...

Зыр
Си анэ дыщэ гумащIэрщ,
ФIыуэ слъагъу пщащэрщ
Адрейр,
ТIуми яхуэсщIэр
СфIэмащIэщ:
Зым къызитащ сэ си гъащIэр,
Хуитщ къыпищэну
Адрейм...



### СОГЪЭЩIАГЪУЭ

ПщэдджыжькIэ
Тхъуэплъ хъужауэ дыгъэр
КъыкъуэкIыу слъагъумэ -
СогъэщIагъуэ.
Бзум, имыкIыжу
Я щIэщыгъуэр,
Уэрэд къэрашри -
СогъэщIагъуэ.

СыплъэхукIэ слъагъуми,
Я уардагъэр
Къуршхэм, мычэму
СогъэщIагъуэ.
Удзыпэ пэбжу
ЖэщкIэ вагъуэ
Зыуфэбгъур уафэр -
СогъэщIагъуэ.

Сэ сабиипсэм
И къабзагъэр
ПхуэмыIуэтэну
СогъэщIагъуэ.
ЦIыху щыпхызышхэм
Уэгум лъагъуэ
Яхэлъ хахуагъэр
СогъэщIагъуэ.

Бгъэдэлъщи
МыкIуэщIыж дахагъэ,
Мы дунеишхуэр
СогъэщIагъуэ.
А псори
ЦIыху зымыгъэщIагъуэ
ЩIым зэрытетыр -
СогъэщIагъуэ.

* * *

Щылъщ уэс къесагъащIэр зэщIэлыдэу,
Нэм къиплъыхьыр ихъуреягъкIэ хужьщ.
Уи фIэщ хъункъым дунеишхуэм тету
Зи гур фIыцIэ... ихъуреягъкIэ хужьщ.

* * *

Алыхь лъапIэ, мэхъу си фIэщ шэчыншэу, -
ЩIыр дахагъэщ къызыхуэбгъэщIар.
УзэплъэкIыу укъеплъэкIыжыхукIэ
Еплъ Iиблис мыбы щызэIищIам!

* * *

Дунеижьу фIыр зыхудиплъапIэр
МэкIэрахъуэ пхэнжу - къэплъэнэфщ.
Щхьэщыхуат куэд щIауэ ар щыхупIэм,
Зи псэр нэхухэм хуамыщIам гулъэф.

* * *

ЗэхуэтщIамэ
Балигъхэм гукъанэ,
Тщыгъупщэжкъым
Зэман кIыхькIэ ар.
Къытхуэхъуам жагъуэгъу
Дыхуэмыупсэ,
ЗэIыхьэну тфIэфIщ
И Iуэхуу хъуар.

Дигу зэхуилъыр
Ди нэгу къидмыгъэщу,
Къохъу фэрыщIу
Дыщызэбгъэдэт.
Зым адрейр
ИригъэпкIэну мащэ
Мурад щэхукIэ псэухэр
Щхьэ къытхэт?

Сэ дапщэщи
Сигу зригъэбгъэжу
Псэ къабзагъэ
Сабийм дызолъагъу:
ПщIам и гуапэ,
Къоплъыр ар гуфIэжу,
ПщIам и жагъуэ,
Къыщеудри магъ.

* * *

Мы дуней хьэхужьым щызэрахьэу лей
СлъагъухункIэ, ди тхьэ, си гум къыполъадэ:
Сэ щысхуэмышэчхэр пIалъэкIэ дунейм
Дауэ зэрыпшэчыр уэ игъащIэ лъандэм?!

* * *

ЦIыху къэсыхукIэ къэралыгъуэщ,
И бэракъ щIэтыжу.
И унафи и IуэхущIафи
Игъэтэрэзыжу.

Си гъунапкъэм сэрщ и плъырыр, -
Зэтезмылъхьэ напIэр.
ГуращэфIкIэ укъысхуэкIуэм,
УзихьэщIэ лъапIэщ.

СыкъэпщIыныр сэ джэгупIэ -
Пхуэзмыдэн Iуэхугъуэщ.
Уи Iумэтым сынихьэнуи
Укъэзмыгъэгугъэ.

ПщIэ къысхуэпщIмэ, уи гулъытэм
Сыныпэджэжынущ.
Мамыр IуэхукIэ сыныплъихьэу
СыныбдекIуэкIынущ.

Укъыстеуэм, шэч хэмылъу,
Сэ зысхъумэжынущ.
Зысхъумэжым къыщымынэу,
Сыныптеуэжынущ.

